

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar kana analisis data dina Bab IV, aya sababaraha hal anu perlu dicindekkeun ngeunaan ungkara harti injeuman dina novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

Tina hasil analisis data kapanggih aya 263 ungkara harti injeuman nya éta dumasar kana warnana kabagi jadi 5 wanda harti injeuman : (1) harti injeuman konotatif aya 58 (22,05%), (2) harti injeuman stilistik aya 76 (28,89%), (3) harti injeuman kolokatif aya 12 (4,56%), (4) harti injeuman réfléktif aya 3 (1,14%), jeung (5) harti injeuman idiomatik aya 114 (43,34%).

Data anu paling dominan nya éta harti injeuman idiomatik aya 114 (43,34%), ari data nu langka muncul nya éta harti injeuman réfléktif aya 3 (1,14%).

Kacindekan: novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. mibanda kecap atawa kumpulan kecap nu ngandung harti injeuman, harti asal, wanda harti injeuman, jeung jeung maksud harti injeuman.

#### 5.2. Saran

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun.

- 1) Ieu panalungtikan téh medar ungkara harti injeuman anu ngawengku harti injeuman dumasar kana warna jeung eusi dina wangunan frasa. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan anu leuwih jembar ngeunaan harti injeuman dina struktur kalimah.
- 2) Ku maca Novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É., loba hal anu bisa dilenyepan salah sahijina nya éta ngeunaan ungkara harti injeuman, dipiharep salian panalungtikan ieu novel, aya deui panalungtikan karya sastra liana nu patali jeung hari injeuman.
- 3) Dina ieu panalungtikan dipedar ungkara harti injeuman dumasar kana warna jeung eusina. Sanajan ieu panalungtikan heunteu dipatalikeun kana bahan pangajaran, dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran kabeungharan kecap, semantik, jeung gaya basa.

